# BILIMLENDIRIW TARAWÍNA TIYISLI SOCIALLÍQ TARMAQLARDÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ

**Dauletmuratov Taxir Piratdinovich** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** jurnalistika, axborot, ijtimoiy tarmoqlar, ommaviy kommunikastiya vositalari, internet, video tasvir, audio yozuv, foto tasvir, muloqot vositasi, veb-sayt.

**Ключевые слова:** журналистика, информация, социальные сети, средства массовой коммуникации, интернет, видеозапись, аудиозапись, фотография, средство общения, веб-сайт.

**Key words:** journalism, information, social networks, mass communication media, internet, video recording, audio recording, photography, communication tool, website.

Búgingi kúnde internet betleri, sociallıq tarmaqlar, túrli shólkem hám mákemelerdiń rásmiy saytı júdá jedellesip baratırǵanı quwandırarlı jaǵday. Bul hámmege óz pikirin, kózqarasın aytıw ushın júdá erkin maydan wazıypasın atqarmaqta. Degen menen, sociallıq tarmaqlar tuwalı kóbinese unamsız tásiri haqqında kóp aytıladı, biraq olardıń ruwxıy salamatlıq ushın paydalı táreplerin de itibardan shette qaldırmawımız kerek. Durıs paydalanılǵanda, sociallıq tarmaqlar turmısımızdı jáne de bayıtıwı hám ruwxıylıǵımızǵa unamlı tásir kórsetiwi múmkin. Bul nelerde kórinedi?

Sociallıq tarmaqlar bizge dúnyanıń hár qıylı múyeshlerindegi doslarımız, shańaraq aǵzalarımız hám kásipleslerimiz benen baylanısıp turıw imkaniyatın beredi. Bul ásirese, uzaq aralıqlarda jasaytuǵın jaqınlarımız benen sóylesiw ushın júdá qolaylı. Jańa adamlar menen tanısıw hám ózimizge uqsas qızıǵıwshılıqlarǵa iye bolǵanlar menen pikirlesiw imkaniyatın da jaratadı. Hár qıylı maǵlıwmatlar, jańalıqlar hám bilimler alıw ushın ájayıp dárek bolıp xızmet etedi. Qızıqlı toparlar hám betlerge aǵza bolıw arqalı biz ózimizdi qızıqtırǵan tarawlardaǵı jańalıqlardan xabardar bolıwımız, bilimlerimizdi arttırıwımız hám jańa kónlikpelerdi iyelewimiz múmkin. Jáne sociallıq tarmaqlar óz pikirlerimizdi, sezimlerimizdi hám dóretiwshilik jumıslarımızdı basqalar menen bólisiw imkaniyatın beredi. Bul bolsa ózimizdi kórsetiwge, dóretiwshilik potencialımızdı rawajlandırıwǵa hám ózimizge bolǵan isenimdi arttırıwǵa járdem beredi.

Búgingi kúnde sociallıq tarmaqlar turmısımızǵa tereń kirip barıp, jámiyettiń hár bir tarawlardaǵı maǵlıwmatlardı hám jańalıqlardı tarqatıw baǵdarındaǵı áhmiyetli qural bolıp xızmet etpekte. Sonı aytıp ótiw orınlı, búgingi kúnde bilimlendiriw tarawındaǵı mákemelerde sociallıq tarmaqlardıń payda bolıwı hám qáliplesiwi, málimleme-kommunikaciya texnologiyaları (AKT)nıń rawajlanıwı hám internettiń áhmiyeti artıp barıwı menen baylanıslı. Házirgi waqıtta sociallıq tarmaqlar bilimlendiriw mákemelerinde maǵlıwmatlardı tarqatıw, oqıtıw, úyreniw hám oqıwshı-studentler menen baylanıs ornatıwda áhmiyetli quralǵa aylandı.

Sonı aytıp ótiw orınlı, sociallıq tarmaqlar 2000-jıllardıń aqırı hám 2010-jıllarda mákeme, shólkemlerde keń qollanıla basladı. Veb-platformalar, sociallıq tarmaqlar hám onlayn baylanıs quralları, yaǵnıy Veb-sayt, Facebook, Twitter, Instagram, Telegram, YouTube, LinkedIn hám Google Classroom sıyaqlı platformalar mákeme, shólkemlerde nátiyjeli qollanıla basladı.

Ásirese, sociallıq tarmaqlardıń bilimlendiriw mákemelerinde keń túrde qollanılıwı studentler hám oqıtıwshılar arasında maǵlıwmat almasıwdı ańsatlastırdı. Kanallar hám toparlar arqalı oqıw materialları, tapsırmalar, jańalıqlar hám xabarlardı tez tarqatıw imkaniyatın jarattı. Onlayn videolar, vebinarlar, sabaqlar arqalı oqıtıwdıń onlayn forması keńeydi. YouTube, Telegram kanalları hám videokonferenciyalar arqalı aldınnan belgilengen rejeler hám baǵdarlamalar tiykarında bilimler tarqatıldı. Kóplegen joqarı bilimlendiriw mákemeleri internet arqalı oqıw kursları, lekciyalar hám virtual sabaqlardı shólkemlestiriwge kiristi. Bárshemizge málim, bul ásirese, pandemiya dáwirinde jáne de áhmiyetli boldı.

Sociallıq tarmaqlar arqalı joqarı oqıw orınları studentleri arasındaǵı baylanıstıń jańa túrlerin jarattı. Máselen, oqıtıwshılar studentlerdiń sorawlarına juwap beriw, internettegi pikir-talaslarda qatnasıw yamasa sabaq hám seminarlardı onlayn tárizde shólkemlestiriw arqalı olar menen turaqlı baylanıs ornattı. Sonday-aq, sociallıq tarmaqlar bilimlendiriw mákemelerine alınǵan maǵlıwmatlardı jáne de janlandırıwǵa járdem beredi. Vebinarlar, onlayn kurslar hám master-klass járdeminde studentlerge jańa bilim hám kónlikpelerdi úyreniwge imkaniyat tuwıladı.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2006-jıl 22-sentyabrdegi 203-sanlı «Mámleketlik hám xojalıq basqarıw uyımlarınıń

jámiyetshilik penen baylanısların rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı qararı tiykarında hákimiyat, ministrlik, mákeme hám shólkemlerde Málimleme xızmeti – Baspasóz xatkeri lawazımı engizildi. Olar internet tarmaǵında mákemeniń veb-resursların shólkemlestiriw hám olardıń nátiyjeli jumısın jolǵa qoyıw, ǵalaba xabar quralları arqalı mákemeniń jumısı haqqında jámiyetshiliktiń unamlı pikirlerin qáliplestiriw, orınlarda sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy reformalar procesin qalıs júrgiziw boyınsha jumıslar alıp bara basladı.

Nátiyjede búgingi kúnde hár bir mákemede málimleme xızmeti jolǵa qoyıldı. Atap aytqanda: Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar hám Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrliginiń, JOOları, hákimlikler, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesiniń sociallıq tarmaqlarında bilimlendiriwge tiyisli jańalıqlar turaqlı túrde jarıtılıp barılmaqta.

Juwmaqlap aytqanda, sociallıq tarmaqlardıń hám unamlı, hám unamsız tárepleri bar. Áhmiyetlisi, olardan sanalı túrde paydalanıw hám waqıttı sheklew. Ulıwma paydalanbaytuǵınlar da bar, olarǵa óziniń real turmısı qızıǵıraq, bálkim onlayn turmısı barlarǵa gúman menen qarawı da múmkin. Bular insannıń maqsetine qaray islenetuǵın individual tańlawlar, birin durıs, birin nadurıs dewge biziń haqımız joq. Biraq, qánige sıpatında unamlı tárepleri haqqında maǵlıwmat beriwdi lazım kórdim.

Eger siz sociallıq tarmaqlardan durıs paydalansańız, olar ómirińizdi túrli reńler qosıp bayıtıwı hám ruwxıy salamatlıǵıńızǵa unamlı tásir kórsetiwi múmkin.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Mirziyoyev Sh. Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlariga yo‘llagan tabrigi. 2017-yil 27-iyul.
2. Mo‘minov F.A. Jurnalistika ijtimoiy institut sifatida. – T.: Universitet, 1998.
3. Прохоров Е.П. Журналистика. Государство. Общество. – М., 1996.
4. Xudoyqulov M. Ommaviy axborot vositalari nazariyasi. – T.: Universitet. 1999.
5. Qozoqboyev T.M., Xudoyqulov M. Jurnalistika. Oliy o‘quv yurtlari uchun darslik. – T., 2009.
6. URL: Ijtimoiy tarmoqlarning paydo bo‘lishi. https://imomtermiziy.uz/uz/news/279 (ko‘rilgan sana 16.02.2023)
7. Muminov F.A., Bekbawliev D.O hám basqalar. Jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciya tiykarlarí. Sabaqlıq. – T.: «Yosh avlod matbaa». 2021. –V. – 196.
8. URL: Yoshlarning ijtimoiy tarmoklar orqali mamlakat imijini oshirishdagi roli. https://beruniyalimov.uz/archives/705

**REZYUME.** Maqolada ta’lim tizimiga oid ijtimoiy tarmoqlarning rivojlanish boshqichlari, uning jamiyat rivojlanishidagi o‘rni ham da ahamiyati o‘rganilgan. Shuningdek, bugingi kundagi ijtimoiy tarmoqlarning xususiyatlaridan kelip chiqib, ularning turlari ko‘rsatib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются этапы развития социальных сетей в системе образования, их роль и значение в развитии общества. Также на основе характеристик современных социальных сетей представлена их виды.

**SUMMARY.** The article examines the stages of development of social networks in the education system, their role and significance in the development of society. Based on the characteristics of modern social networks, their classification and types are also presented.

## LIRIKALÍQ KESHIRMENI POETIKALÍQ QURALLAR ARQALÍ SÁWLELENDIRIW USÍLLARÍ

**S.U.Fayzullaeva** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** lirik kechinma, poeziya, lirik qahramon, she’r, ichki forma.
**Ключевые слова:** лирическое возбуждение, поэзия, лирический герой, стихотворение, внутренняя форма.
**Key words:** lyrical excitement, poetry, lyrical hero, poem, inner form.

Lirikalıq keshirmeni poetikalıq qurallar, yaǵnıy, kórkem súwretlew quralları arqalı jetkerip beriw barlıq xalıqlar ádebiyatında áyyem zamanlardan berli qáliplesken dástúriy usıl esaplanadı. Ádebiyattanıwda kórkem sóz poetikasın úyreniw máselesi Aristoteldiń «Poetika»sınan baslap búgingi kúnge shekem dawam etip kelmekte. Rus, ózbek, qazaq, túrkmen